


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Anu rék didéskripsikeun tina ieu panalungtikan nu ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif nyaéta tahap kasopanan jeung prinsip kasopanan anu aya dina ieu kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Moleong (2009, kc. 6) nyebutkeun yén pamarekan kualitatif mangrupa panalungtikan anu tujuanna pikeun maham fénoména nu karandapan ku subyéék panalungtikan, saperti sawangan, motivasi tindakan, paripolah, sarta ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa anu boga kontéks husus, alamiah, sarta ngamangpaatkeun sawatara métode ilmiah. Bogdan jeung Taylor (Moleong, 2009, kc. 4) nyebutkeun yén pamarekan kualitatif mangrupa prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif dina wangun kekecapan boh tinulis boh lisan tina hal-hal nu ditalungtik. Sugiyono (2013, kc. 2) nyebutkeun yén métode panalungtikan mangrupa cara nu dipaké pikeun meunangkeun data nu miboga tujuan jeung kagunaan nu tangtu. Métode panalungtikan déskriptif nyaéta hiji cara ngumpulkeun data pikeun ngajawab pasualan anu karandapan dina wangun informasi.

Dumasar kana pamarekan jeung métode anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan, dibutuhkeun hiji désain panalungtikan pikeun méré gambaran nu leuwih jelas ngeunaan kagiatan nu kudu dilakukeun sarta méré gambaran hal-hal nu bakal karandapan atawa geus karandapan. Léngkah-léngkah tina ieu panalungtikan, nyaéta 1) néangan jeung maluruh pustaka ngeunaan ngeunaan tahap kasopanan jeung prinsip kasopanan, 2) ngumpulkeun data tina objék anu ditalungtik nyaéta paguneman dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Instrumen panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta kartu data, 3) data nu kapanggih tuluy dipasing-pasing dumasar rumusan masalah anu baris dipedar, 4) nganalisis data, 5) ngadéskripsikeun data kalayan jéntré dumasar tahap kasopanan, jeung maksim prinsip kasopanan, jeung 6) nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Désain tina ieu panalungtikan bisa kagambar saperti bagan 3.1.



Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Éta data dijaring tina sumber data. Sumber data nyaéta subjék nu dipaké pikeun meunangkeun data (Arikunto, 2010, kc. 171). Sumber data tina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Carita pondok atawa carpon nyaéta karangan tinulis anu miboga sipat fiksi atawa rékaan, galurna biasana basajan lantaran jumlah kajadian caritana museur kana hiji kajadian tur palakuna ukur dua atawa tilu urang (Isnendes, 2010, kc. 29)

Ieu buku téh wedalan PT. Kiblat Buku Utama dina taun 2020, citakan kahiji medal taun 1998 nu dipedalkeun ku Rachmat Cijulang, citakan kaduana medal taun 2011 dipedalkeun ku Penerbit Mataair. Kandalna 176 kaca kalayan ukuran 15x21 cm. Ieu buku diwangun ku 15 judul carpon, anapon judul carponna nyaéta: (1) *Nu Ceurik Dina Lahunan*; (2) *Langit Leubeut ku Béntang*; (3) *Taleus Ateul*; (4) *Cikopi Sagelas*; (5) *Mulang*; (6) *Nu Harayang Dihargaan*; (7) *Ibu Guru*; (8) *Saméméh Komat*; (9) *Patung jeung Hayam*; (10) *Layung Geus Ririakan*; (11) *Hélikopter*; (12) *Nu Luas Ninggalkeun*; (13) *Peuting Nu Hareudang*; (14) *Ada Main*; (15) *Si Ato Miara Jago*.

Teu sakabéh carpon anu aya dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* baris diguar dina ieu panalungtikan, tapi ukur sababaraha carpon anu dianggap ngawakilan tujuan panalungtikan. Sampel anu dipilih nyaéta carpon-carpon nu dijerna loba paguneman nu ngandung tahap kasopanan sarta teu kacampuran ku basa séjén. Anapon jumlah carpon anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan aya 7 carpon anu diwincik dina tabel di handap.

Tabél 3. 1
Sumber Data Panalungtikan

NO	Judul Carpon	Kode
1	Langit Leubeut ku Béntang	LLKB
2	Cikopi Sagelas	CS
3	Ibu Guru	IG
4	Saméméh Komat	SK
5	Layung geus Ririakan	LGR

6	Hélikopter	H
7	Nu Luas Ninggalkeun.	NLN

Tingkesan tina tiap-tiap carpon ébréh saperti ieu di handap.

1)Langit Leubeut ku Béntang

Dina ieu carpon dicaritakeun tokoh Iwan anu rék ka imah nini na di Teluk Jambé, manéhna rék ménta bongbolong ngeunaan pasualan anu keur karandapan ku kulawargana ka ninina. Waktu manéhna ngadagoan beus, aya Icoh jeung indungna sarta tilu budakna anu sarua rék ngadagoan beus. Sabab euweuh deui tempat diuk Iwan dipénta tulung ku indungna Icoh keur ngalahun incuna. Iwan tuluy nurut ngalahun budakna Icoh. Sanepina di Cikampek maranéhna turun tuluy naék angkot nu kabeneran saarah. Dina angkot indungna Icoh ménta deui tulung nyaéta ménta dianterkeun ka lemburna da kabeneran geus poék jeung awéwé hungkul

Di imah Icoh, Iwan ngobrol jeung bapana Icoh, Iwan ditanya timana asalna, tétéla bapana Icoh téh apal ka bapana Iwan nyaéta Pa Maman, tapi Iwan ngakuna yén Pa Maman téh pamanna. Bapana Icoh apal pisan kumaha kalakuan Pa Maman nu nyandung. Ti dinya ras Iwan inget ka indung jeung bapana sarta adi-adina nu mindeng ningali indung bapana paraséa. Iwan teu bisa saré mikiran pasualan nu karandapan ku manéhna, ogé Icoh nu sarua keur ngarandapan pasualan saperti indung bapana. Karasa sarua sedihna, rarasaanana nu tegenah tangtu dirasa ogé ku Icoh.

2)Cikopi Sagelas

Dicaritakeun Upas Karma nu biasana gawéna untar-anteur surat, beberés aula mun rék rapat, atawa mersihan jukut di pakarangan balé désa, harita kabawa riweuh nyiapkeun pilkadés. Upas Karma milu untkag-ingkig ngadata calon pamilih jeung jurutulis, milu ngadaptar, milu ngabébérés administrasi panitia pilkadés, nepi ka dititah milu nyebarkeun pangaruh sagala. Sina ngarojong ka lurah Nawi anu nyalonkeun deui. Upas Karma téh kapaksa ngalakukeun kitu téh da seuhseuhanana mah kabéh ogé anak buah lurah Nawi. Beuki dieu Upas Karma téh beuki sibuk nepi ka geringna. Sanggeus Upas Karma cageur, manéhna miluan sibuk deui nguruskeun pilkadés anu geus tinggal sababaraha poé deui. Upas Karma jeung

pamajikanna, Bi Simah, dititah pindah ka sepén tukangeun balé désa. Dititah pindah tina imahna nu geus butut ka imah meunang néhel, ditémbok, geus alus.

Lurah Nawi ngaomat-omat ka Upas Karma nitah anak-anakna sangkan milih manéhna. Peutingna Upas Karma indit ka imah anak-anakna, tapi anak-anakna keukeuh moal rék milih deui Lurah Nawi, kapok pajarkeun téh. Saminggueun deui ka pilkadés, Upas Karma geus balik deui ka imahna nu baheula, can aya sabulan-bulan acan nyicingan sepén téh geus dititah indit ku Hansip Kurdi, pajarkeun mah rék dibersihan dititah ku Lurah Nawi, sarta geus dipilih deui upas anyar ngagantikeun Mang Karma.

3)Ibu Guru

Dicaritakeun Ogi datang ka Cimuncang, rék nyampeurkeun Tini. Nepi ka imahna Tini, manéhna hayang buru-buru panggih jeung Tini rék nanyakeun kapanasaran manéhna. Barang nepi ka imahna, Tini anu mukakeun panto téh, indung jeung bapana geus arindit ka kebon. Ogi nanyakeun kapanasaranna, naha surat ti manéhna teu dibales waé ku Tini. Nalika ditanya, Tini kalah némbalan yén manéhna hayang indit jeung embung patepung deui jeung Ogi. Ditanya ku Ogi kamana jeung naon alesanna Tini teu némbalan. Ogi mikeun buku pesenan Tini, tapi teu dipaliré ku Tini. Tidinya Ogi beuki panasaran kana alesan Tini.

Ogi tuluy nanya ka Tini nepi ka ahirna Tini ukur bisa ménta hampura tuluy mikeun amplop nu eusina SK nu nyebutkeun Tini dieureunkeun tina pagawéanna salaku guru. Tini ménta hampura ka Ogi lantaran manéhna geus ngabobodo jeung cangcaya Ogi bisa narima kaayaan manéhna. Sanggeus kitu, Ogi apal ti Kapala Sakola yén Tini téh guru nu rancagé, malah bakal jadi guru tuladan sakecamatan. Tini dieureunkeun gawé téh sabab manéhna geus ngabohong waktu litsus, manéhna geus méré katerangan palsu pikeun nyumputkeun silsilah kulawargana.

4)Saméméh Komat

Dina ieu carpon dicaritakeun Mang Mursid anu siap-siap rék jumaahan di masjid di lemburna. Masjidna aya di sisi jalan, wangunanana teu gedé-gedé teuing,

tapi cukup keur tilu puluh atawa opat puluh jalma. Sabab ku tempatna aya di sisi jalan, geus teu anéh mun keur solat atawa pangajian sora imam atawa ustad sok awor jeung sora kandaraan. Nu sarolat atawa nu ngaji geus biasa deui, teu ngarasa kaganggu, anteng hararusu. Sanajan masjidna leutik, ku masarakat didinya sok dipaké puseur kagiatan kaagamaan.

Basa Mang Mursid nepi ka tepas masjid, katingali nu jumaahan téh karék aya opat sap, lolobana mah aki-aki jeung anu geus tengah tuwuh, padahal harita waktu lohor téh ukur lima menit deui. Mang Mursid diuk gigireun Mang Wawang. Dina jumaahan harita, anu jadi hotib téh Haji Amud. Karék gé tilu menit hotbah, geus loba jamaah nu ngareluk, teu kuat tarunduheun. Mang Mursid ngalieuk ka tukangeunana, manéhna reuwaseun bet ngalobaan anu jumahaan téh nepi ka padedet. Di luar gé teu kadéngé sora kandaraan cara sasari. Manéhna buru-buru kaluar masjid, di luar kasampak masjid téh buruanna jadi lega, masjidna jadi gedé. Mang Mursid kacida reuwaseunana. Mang Mursid tuluy kukulilingan ningali masjid jeung sakulilingna. Teu kungsi lila Mang Mursid balik deui ka jero masjid, aya rasa bungah dina dirina ningali masjid nu asalna leutik robah jadi gedé. Sabot manéhna anteng niténan pangeusi masjid, ti tukangeunana aya nu noél, ngahudangkeun manéhna.

5) Layung geus Ririakan

Dina ieu carpon dicaritakeun dina hiji soré Ki Karnali ménta dianter ka sawah ku minantuna nyaéta Iti. Lantaran Iti harita keur masak, manéhna nitah ka budakna nu ngaranna Walam pikeun nganter Ki Karnali ka sawah. Mimitina Walam teu daékeun sabab Ki Karnali geus kolot jadi mun leumpang na galeng téh teu bener, sok labuh jeung hésé nangtungkeunana. Sanggeus dipaksa ku indungna mah ahirna Walam téh daékeun nganter akina. Ki Karnali mapatahan Walam sangkan jadi jalma nu getol. Ki Karnali nyaritakeun baheula manéhna hayang boga sawah téh cukup ku ngabukbak leuweung. Tuluy Walam tatanya sawah nu saha waé didinya téh, Ki Karnali nyebutkeun éta sawah téh nu manéhna jeung anu Ki Sardi, tapi Walam nyebutkeun yén nu boga éta sawah-sawah téh Cuan Bih.

Isukna, Ki Karnali ménta dianter deui ka sawah dianter ku Walam. Di jalan maranéhna panggih jeung anakna Ki Sardi, Mang Sunta. Ki Karnali nanyakeun bener henteu sawahna geus jadi milik Cuan Bih. Mang Sunta ngaenyakeun yén

sawahna téh geus digadékeun ka Cuan Bih. Ngadéngé hal éta, Ki Karnali reuwaseun, manéhna tuluy diuk di saung. Ki Karnali manghandeueulkeun, sawah meunang hésé capé gawé kolotna, kalah di murah-maréh dijual ka deungeun-deungeun. Harita Ki Karnali can nyahoeun yén sawah manéhna ogé geus digadékeun ka Cuan Bih. Isukna nalika Ki Karnali indit deui ka sawah manéhna dibéré nyaho ku Walam yén sawahna geus digadékeun kawas nu Ki Sardi.

6) Hélikopter

Dina ieu carpon dicaritakeun tokoh Wawan nu ngalaman gagal panén. Hurang nu diala ku Abahna teu biasana ngan meunang saeutik, padahal geus asup kana usum panén. Wawan ngarasakeun naon nu ku abahna karandapan, sabab kamari nalika usum panén bandeng gé sarua gagal. Dina hiji waktu manéhna keur mérésan banjir, torojol babaturanna, Uci. Uci nanya ka manéhna rék ngabanjir dimana, manéhna nyebutkeun rék ngabanjir di émpangna Ki Sarna. Uci nyarita manéhna gé geus ngabanjir tidinya tapi teu meunang nanaon. Baheula mah mun ngabanjir téh sok meunang paluk, ayeuna mah ngala belut gé hésé pisan. Wawan harita ngarasa ayeuna mah loba nu leungit, hurang, kapiting, lauk, belut, nepi ka bango jeung kuntul nu sok ngaliwat gé geus teu pati loba ngaliwat kadinya.

Sabot kitu, Wawan dititah ku emana ngala cai ka tengah kali. Manéhna ngagugu, Uci anteng mangmérésankeun banjir. Nalika ngeusian cai, manéhna ningali aya nu hinyay manjang ti girang ka hilir, kawas cai nu kacampur ku minyak. Biasana nu sok ngahinyayan cai téh parahuna Mang Anén, tukang minyak, atawa tina bangké nu palid. Ti imahna sok katingali haseup nu ngelun ti proyék Pertamina. Didinya téh dipaké ngebor minyak tanah, aya darmagaan, aya tempat hélikopteran, jeung aya imah-imah. Unggal saparapat jam sakali sok aya hélikopter ngaliwat bari mawa barang nu digantungkeun dihandapeunana. Harita, nalika Wawan ngabéréskeun banjir nu geus dibeungkeutan, manéhna ngadéngé aya sora hélikopter anu dihandapna mawa barang kawas pipa tinggulantung, ngapung ka lebah proyék. Di palebah proyék pisan katingali haseup mulek ngelun ka langit.

7) Nu Luas Ninggalkeun

Dicaritakeun Mang Karmas jeung pamayang-pamayang lianna keur nyiapkeun jaring dina parahuna keur dipaké engké subuh. Nalika Mang Karmas keur anteng ngécos-ngécoskeun coban kana jaringna, datang Karja, batur saparahuna. Karja nyaritakeun di RT keur aya riungan, ngabadamikeun dombrét. Dibadamikeun téh lantaran aya anu teu panuju rék diayakeun dombrét didinya, nyaéta Ki Lebé. Riungan nu dilakukeun di imahna RT téh lain ngabadamikeun tulus henteuna diayakeun dombrét, tapi leuwih ka méré putusan ka Ki Lebé yén nu satuju diayakeun dombrét téh leuwih loba.

Peutingna, sabérésna ngayuman, Mang Karmas teu balik ka saungna, tapi ngadon ngagolér dina balé warung Sunta. Manéhna teu bisa saré, ukur peupeureuman bari ceulina mah angger ngadéngé. Manéhna ngadéngé hawar-hawar aya nu ngobrol, tina sora na mah siga RT jeung Sunta. Sunta ngobrolkeun yén dombrét téh kudu diayakeun, manéhna teu paduli sanajan kudu kaluar duit gedé, teu paduli rék aya nu teu satuju gé pokona kudu jadi. Ngadéngé kitu, Mang Karmas ngarasa karunya ka Ki Lebé, sanajan manéhna teu deukeut jeung Ki Lebé. Harita manéhna geus nganiatan rék nepungan Ki Lebé, rék ngabéjaan dombrét téh jadi datang, tapi Mang Karmas téh teu jadi waé nepungan Ki Lebé téh. Nalika manéhna ngaliwat ka tempat géték paranti meuntas, Mang Karmas panggih jeung Uca, anakna Ki Lebé, keur ngajanteng sisi kali. Mang Karmas nanya ka Uca keur nungguan saha, Uca némbalan yén manéhna téh lain nungguan batur tapi nganteurkeun bapana nu rék pindah ka girang. Mang Karmas olohok ningalikeun parahu anu ngadudud ka girangkeun.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta kagiatan nu patali jeung métode ngumpulkeun data pustaka, maca, nyutat, sarta ngolah bahan panalungtikan (Zed, 2017, kc. 3). Sugiyono (2013, kc. 291) nyebutkeun yén studi pustaka téh patali jeung kajian téoritis sarta référénsi lian, saperti ajén-inajén, budaya, jeung norma budaya di hiji masarakat nu ditalungtik.

Dina ieu panalungtikan, studi pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa paguneman nu aya dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Anapon léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data dina ieu

panalungtikan nyaéta:

- 1)Nangtukeun sumber data;
- 2)Maca sakabéh carita nu aya dina buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan;
- 3)Nyirian paguneman nu aya dina sumber data pikeun dianalisis tahap kasopanan jeung prinsip kasopananana;
- 4)Nyalin data paguneman nu kapanggih dina sumber data kana kartu data digital; jeung
- 5)Nyusun data paguneman sacara alfabetis jeung méré nomer kode.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun dina ngumpulkeun data ku panalungtik sangkan data anu dikumpulkeun ku panalungtik bisa leuwih gampang diolah sacara sistematis nepi ka ngahasilkeun panalungtikan nu hadé (Arikunto 2010, 203). Anapon instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Kartu data digital digunakeun sangkan data nu dimeunangkeun leuwih babari diolah, leuwih lengkep, leuwih taliti, sarta leuwih sistematis. Carana nyaéta data paguneman nu dimeunangkeun disalin tuluy dianalisis dumasar tahap kasopanan jeung maksim prinsip kasopanan. Datana dilengkepan ku kode nu eusina nerangkeun judul carpon, kaca buku, jeung nomer jajaran.

3.4.1 Kartu Data Digital

Kartu data digital dipaké pikeun nuliskeun omongan dina wangun paguneman.

Tabél 3 2
Kartu Data digital Omongan dina Wangun Paguneman

Alfabet	Data Paguneman	Kode Data
		(J/KC/JJ)

Keterangan:

J : Judul Carpon

KC : Kaca

JJ : Jajaran

3.4.2 Format Klasifikasi Data Tahap Kasopanan

Dumasar kana data dina kartu data di luhur, tuluy disusun format klasifikasi data tahap kasopanan digambarkeun dina tabél 3.3

Tabél 3.3
Kartu Data Digital Data Omongan nu Ngagambarkeun Tahap Kasopanan

No	No Data	Data Paguneman	Tahap Kasopanan		
			H	L	K

Katerangan :

H : Hormat

L : Loma

K : Kasar

3.4.3 Format Klasifikasi Data Maksim Prinsip Kasopanan

Dumasar kartu data, tuluy diklasifikasi papasingan maksim prinsip kasopanan.

Tabél 3 4
Kartu Data Digital Omongan dina Maksim Prinsip Kasopanan

No	No Data	Data Paguneman	Maksim Prinsip Kasopanan											
			Ngukuhan						Ngarempak					
			KW	KT	PC	KS	BL	HA	KW	KT	PC	KS	BL	HA

Katerangan:

KW : Maksim Kawijaksanaan

KT : Maksim Katumarima

PC : Maksim Pangcocog

KS : Maksim Kasimpat

BL : Maksim Balabah

HA : Maksim Handap Asor

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah atawa nganalisis data mangrupa prosés pikeun néangan sarta nyusun data kalawan sistematis (Sugiyono, 2013, kc. 244). Téhnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung kana wacana

paguneman. Analisis wacana mangrupa salah sahiji cara pikeun maham ma'na nu rék ditepikeun tina hiji omongan (Bungin, 2010, kc. 163). Unsur anu dianalisis nyaéta tahap kasopanan dina paguneman jeung paguneman nu ngarempak atawa ngukuhan prinsip kasopanan, maksim prinsip kasopanan. Anapon léngkah-léngkah pikeun ngolah datana saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa deui data paguneman nu geus dikumpulkeun dina kartu data.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar tahap kasopanan, prinsip kasopanan nu ngukuhan jeung ngarempak, jeung maksim prinsip kasopanan.
- 3) Nganalisis data paguneman dumasar tahap kasopanan, jeung prinsip kasopanan ngukuhan jeung ngarempak, jeung maksim prinsip kasopanan.
- 4) Ngadéskripsikeun data paguneman anu geus dianalisis dumasar tahap jeung prinsip kasopanan.
- 5) Napsirkeun sarta nyindekkeun hasil tina panalungtikan ngeunaan tahap kasopanan dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan.